**दिन– गुरूवार** **दिनांक–26.12.2024**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू आइ वीर बाल दिवस के अवसर पर असाधारण उपलब्धि सभक लेल शेखपुराक सौरभ कुमार आ नालंदाक गोल्डी कुमारी सहित देश भरिक सत्रह बच्च सभ के राष्ट्रीय बाल पुरस्कार सँ सम्मानित कयलनि। एहि अवसर पर राष्ट्रपति मुर्मू साहिबजादा सभक बहादुरी आ बलिदान के नमन करैत कहलनि जे ई दिन गुरूगोविन्द सिंह के पुत्रक बलिदान आ साहसक सम्मान करबाक दिन अछि। सम्मानित बच्चा सभ के कला–संस्कृति, बहादुरी, नवाचार, विज्ञान आ प्राद्यौगिकी, सामाजिक सेवा, खेल आ पर्यावरणक क्षेत्र मे विशिष्ट उपलब्धि सभक लेल पुरस्कार प्रदान कयल गेल। शेखपुरा जिलाक शेखोपुरसरायक सौरभ कुमार के नदी मे डूबि रहल तीन बच्चा के जान बचेबाक लेल ई सम्मान भेटल अछि। जखनकि नालंदाक हरनौतक रहयवाली गोल्डी कुमारी के थाईलैंड मे आयोजित कयल गेल विश्व एबेलिटी पारा यूथ गेम मे एक स्वर्ण सहित तीन पदक जीतबाक लेल ई पुरस्कार देल गेल अछि।

———————————————

प्रधानमंत्री वीर बाल दिवसक अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी साहिबजादाक बलिदान के नमन कयलनि अछि। नव दिल्लीक भारत मंडपम् मे वीर बाल दिवस समारोह के संबोधित करैत श्री मोदी कहलनि जे वीर साहिबजादा जोरावर सिंह आ फतेह सिंह बहुत छोट छलाह मुदा हुनक साहस आकाश सँ सेहो ऊँच छल। ओ जनौलनि जे आइ वीर बाल दिवस हमरा सभ के सिखबैत अछि जे कोनो परिस्थिति कतबो कठिन किएक नहि हुअए देश आ ओकर हित सँ पैघ नहि भऽ सकैत अछि। वर्ष दू हजार बाईस मे प्रधानमंत्री मोदी गुरूगोविंद सिंह के साहिबजादा सभ के श्रद्धांजलि देबाक लेल वीर बाल दिवस मनेबाक घोषणा कयने छलाह।

———————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ अपन प्रगति यात्राक तेसर दिन शिवहर आ सीतामढ़ी जिला मे विभिन्न विकास योजनाक शिलान्यास आ लोकार्पण कयलनि। हमर शिवहर संवाददाता जनौलनि जे मुख्यमंत्री जिला मे एक सय सत्तासी करोड़ टाकाक लागतिवला दू

सय तीस योजनाक उद्घाटन आ शिलान्यास कयलनि। पिपराही प्रखंडक मैसौढ़ा मे जिला पंचायत संसाधन केन्द्र, जिला अतिथि गृह भवन, बड़ौदा स्वरोजगार संस्थान भवन सहित विभिन्न भवनक उद्घाटन कयलनि। एहि के संगहि, मातृ शिशु अस्पताल भवन, जी.एन.एम स्कूल भवन, पिछड़ा–अतिपिछड़ा छात्रावास भवन सहित विभिन्न योजना सभक शिलान्यास कयलनि। एम्हर, सीतामढ़ी संवाददाता जनौलनि जे मुख्यमंत्री श्री कुमार वर्षों सँ बंद पड़ल रीगा चीनी मिलक पुनरूद्धारक बाद आइ ओकर शुभारंभ कयलनि। एकर संगहि, ओ जिला मे कतेको विकास योजनाक आधारशिला रखलनि। मुख्यमंत्री बेलसंड मे बागमती नदी तटबंधक हवाई सर्वेक्षण सेहो कयलनि।

———————————————————

मौसम विभाग अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक दक्षिण भाग मे हल्का सँ मध्यम वर्षाक संभावना जतौलक अछि। मौसम विज्ञान केन्द्र पटनाक अनुसार सत्ताईस सँ उनतीस दिसम्बर धरि बक्सर, भोजपुर, औरंगाबाद, पटना, गया, अरवल, भागलपुर, बांका सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे कतेको ठाम वर्षाक संभावना अछि। विभाग जनौलक जे पश्चिमी विक्षोभक फेर सँ सक्रिय होयबाक कारणे दू दिनक बाद प्रदेशक अधिकतर भाग मे ठंडा मे वृद्धि भऽ सकैत अछि।

———————————————————

बिहार संस्कृत प्राथमिक–सह– माध्यमिक शिक्षक संघ उपेन्द्र समाज संस्कृत माध्यमिक विद्यालय लहटा दरभंगाक सेवानिवृत प्रधानाध्यापक परमानंद झा के निधन भऽ जएबा पर शोक सभा आयोजित कऽ अपन शोक संवेदना जतौलक अछि। संस्कृत के प्रकाण्ड विद्वान आ प्रचारक आर्चाय परमानंद झाक पछिला दिन निधन भऽ गेल छल।

———————————————————

भाकपा मालेक पोलित ब्यूरो सदस्य धीरेन्द्र झा कहलनि अछि जे मिथिलांचल सहित पूरा राज्य मे जमीन विवादक कारणे लागातार आपराधिक घटना सभ घटित भऽ रहल अछि। श्री झा समस्तीपुर मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत आरोप लगौलनि जे राज्य सरकार अपराध पर नियंत्रण पएबा मे विफल अछि।

केन्द्रीय मंत्री गिरिराज सिंह वीर बाल दिवसक अवसर पर आइ बेगूसरायक कचहरी रोड़ स्थित गुरूद्वारा मे मत्था टेकलनि आ शहजादा सभक बलिदान के नमन कयलनि।

बीपीएससीक सत्तरिम प्रारंभिक परीक्षा के रद्द करबा आ पुनर्परीक्षाक मांग के लऽकऽ पटनाक गर्दनीबाग मे अभ्यर्थी सभक प्रदर्शन आइ नवम् दिन सेहो जारी रहल।

मधुबनी जिलाक राजनगर थाना क्षेत्र मे उत्पाद विभागक टीम छापामारी कऽ एक मिनी ट्रक सँ एक सय पैंतीस कार्टन देसी शराबक संग एक महिला सहित दू लोक के गिरफ्तार कलयक अछि।

———————————————————

समाप्त